Glosè, Paj 3

Elèv K ap Aprann Anglè

Tès ACCESS
An Anglè: ACCESS Test

Se yon tès ki evalye kapasite yon elèv genyen pou l konprann ak itilize Anglè. Yo itilize l pou yo evalye pwogrè elèv k ap aprann Anglè yo fè epi li pèmèt yo byen konprann konpetans lengwistik yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou **evalyasyon an**, gade nan paj 2 a.

Respekte Tout Kilti
An Anglè: Culturally Respectful

Koute, aprann, epi travay ansanm nan yon mannyè ki fè tout moun santi yo byenvini, yo konprann yo, epi yo respekte yo. Respekte tout kilti a vle di lè w onore ak valorize kwayans, tradisyon, lang, ak orijin tout fanmi yo.

Elèv k ap Aprann Anglè ki gen yon Andikap
An Anglè: English Learner with a Disability (ELSWD)

Se yon elèv k ap aprann Anglè epi ki elijib pou l benefisye sèvis edikasyon espesyal yo.

Elèv ki P Ap Aprann Anglè Ankò
An Anglè: Former English Learner

Se yon elèv ki t ap aprann Anglè kòm yon dezyèm lang men ki rive nan yon nivo konpetans jounen jodi a yo pa bezwen èd siplemantè ankò pou yo pale ak ekri lang lan. Yo siveye elèv sa yo pandan kèk ane pou asire yo kontinye pwogrese nan Anglè.

Siveye
An Anglè: Monitor

Se yon pwosesis kote lekòl la kontinye voye je sou pitit ou a pou l asire li kontinye ap byen pase nan Anglè lè li pa bezwen sipò lengwistik ankò. Sa pèmèt lekòl la asire li pitit ou a kontinye ap aprann epi pwogrese san l pa bezwen èd anplis.

Pa Patisipe
An Anglè: Opt Out

Yon paran oswa responsab legal kapab chwazi pa kite pitit yo a patisipe nan yon pwogram oswa yon evalyasyon espesifik.

ELPAC yo

Bay konsèy
An Anglè: Advise

Fè rekòmandasyon ak kòmantè pou lekòl yo. Fanmi ki nan ELPAC yo gide desizyon ki pran konsènan pwogram ak sèvis ki fèt pou elèv k ap aprann Anglè yo. Konsèy sa a ede lekòl yo amelyore fason yo sipòte elèv k ap aprann Anglè yo.

Komite Lekòl
An Anglè: School Committee

Se yon gwoup moun nan kominote a yo eli ki pou ede pran desizyon ki enpòtan sou fason yo mennen bak lekòl lokal yo.

Konprann plis tèm nan Gid pou Fanmi Elèv Ki Pale Plizyè Lang yo: [website]

Se Massachusetts Statewide Family Engagement Center, ki se yon pwogram Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo ki te elabore dokiman sa a pou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts.

Èske ou gen kesyon? Kontakte lekòl la: